# आकाशवाणी, गोरखपुर

## दिनांक–30 सितम्बर 2024 भोजपुरी समाचार

प्रदेस सरकार की ओरि से महिला लोगिन क सुरक्षा, सम्मान अउर उनके स्वालम्बन बदे शारदीय नवरातर के पहिला दिन्ने यानी तीनि अक्टूबर के अपने महत्वाकांक्षी मिशन शक्ति कार्यक्रम के पचवां फेरा क सुभारम्भ करे जा रहलि हौ। येह नया फेरा में महिला लोगिन बदे खास तौर से ग्रामीण इलाकन में एगो समरपित स्वास्थ्य हेल्पलाइनि– महिला स्वास्थ्य लाइनों जल्दिये सुरू कइल जाई। वीमेन पावर लाइन दस नब्बे के तरियन हेल्पलाइनि के सुरू कइल जाई, जेकर उद्देस्य ओह महिला लोगिन के सुलभ स्वास्थ्य सेवा सहायता दीहल हौ, येह हेल्पलाइनि के जरिये महिला लोगिन के स्त्री रोग बिसेसज्ञ के साथे टेली–परामर्स क सुविधा दीहल जाई।

**********

पच्छिमी उत्तर प्रदेस में बिहने से धान खरीदि क प्रक्रिया सुरू होई। लखनऊ संभाग के जिलन में अलगि–अलगि तारीख में खरीदि होई। हरदोई, लखीमपुर खीरी, सीतापुर में पहिली अक्टूबर अउर लखनऊ, रायबरेली आ उन्नाव में पूरबी उत्तर प्रदेस के साथे पहिला नवम्बर के खरीदि होई। धान क न्यूनतम समरथन मूल्य दुइ हजार तीनि सौ रूपिया अउर ए ग्रेड धान क दुइ हजार तीनि सौ बीस रूपिया प्रति कुंतल तय कइल गइल हो। किसानन के धान क उतराई, छनाई अउर सफाई के मद में बीस रूपिया प्रति कुंतल के दर से प्रतिपूर्ति कइल जाई। उत्तर प्रदेस के सज्जो जिलन में खरीदि केन्द्र तय कइल गइल हौ।

**********

मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ आजु भिन्नहीं अपने गोरखपुर प्रवास के दुसरका दिन्ने गोरखनाथ मंदिर में आयोजित जनता दरसन में सामिल भइलें। येह दौरान मुख्यमंत्री दुइ सौ से बेसी लोगिन क समेस्या सुनलें अउर सम्बन्धित अधिकारियन के ओकरे निस्तारण क निरदेस दिहलें। श्री योगी सज्जो लोगिन के भरोसा दिहलीं कि केहू के परसान भइले चाहे चिन्ता कइले क जरूरति नाही हौ। हर समेस्या क निस्तारण जरूर करावल जाय। एकरे पहिले मुख्यमंत्री मंदिर परिसर क भ्रमण करत गोवंश के अपने हाथे से गुड़ खियवलें।

**********

बेमौसम सितंबर अउर अक्टूबर के महिन्ना में कई बेरि बरखा भइले से किसान जल्दीबाजी करत धान क फसिलि कटले क फैसिला ले लेलें, बाकिर अइसन नाहीं करे के चाही, अइसन कइले से धान के उत्पाद पर असर पड़े ला।

चन्द्रशेखर आजाद कृषि अउर प्रौद्योगिकी विश्वविद्यालय कानपुर क कृषि वैज्ञानिक डॉक्टर एसएन सुनल पाण्डेय आजु ई जनकारी देत बतवलें कि येह समय धान क फसिलि में किसान भाई के ढेर धियान दिहले क जरूरति हौ। जे किसान धान क अगैती रोपाई कइले रहलें, उनकर फसिलि पाकि के तइयार हो रहल हौ। कई जगहिनि पर धान के बालि में दाना बनि रहल हौ, अइसने समय में फसिलि के कटले से पैदावार पर ढेरि असर पडे ला।

**********

बहराइच के मैकू पुरवा गांव में आजु भिन्नहीं आदमखोर तेंदुआ के वन विभाग क टीमि अपने पिंजड़ा में कैद कइ लिहलसि। तेंदुआ के रेस्क्यू कइले के बाद जिला प्रसासन, वन विभाग अउर गामीण राहति क सांस लिहले हवें। कतर्नियाघाट वन्य जीव प्रभाग के ककरहा वन रेंज के नौबना जंगल के किनारे मौकू पुरवा गांव हौ। एइजा जंगल के रास्ता से बीतल दिन एगो आदमखोर तेंदुआ आ गइल रहे। काल्हि दुपहरिया खेत में काम कइ रहल एगो मनई पर तेदुंआ हमलो कइले रहल, जेहसे गांव क लोगि दहसति में रहलें। तेंदुआ क जनकारी मिलले के बाद जिला प्रसासन इलाका में कैंप कइ के तेंदुआ बदे जाल फइलवलस, जेकरे बाद तेंदुआ के पकड़ले में सफलता मिलल हौ।

**********

कुशीनगर जिला में आजु जिला विधिक सेवा प्राधिकरण की ओरि से स्वच्छता ही सेवा अभियान के अंतर्गत दीवानी न्यायालय परिसर में स्वच्छता अभियान चलावल गइल। येह मौका पर अपर जिला जज के अगुआई में मेन गेट के लग्गे रहे वाले दोकानदारन के स्वच्छता क महातम बतावल गइल। उहां के कहलीं कि स्वच्छता ही स्वस्थ अउर सान्तीपूर्ण जिनगी क मूलमंत्र हौ।

**********

पोषण माह के अंतर्गत गोरखपुर के चरगांवा के प्राथमिक स्वास्थ्य केंद्र परिसर में आजु 'स्वच्छता पोषण संवाद' क आयोजन कइल गइल। कार्यक्रम में एनिमिया से बचाव में सही पोसण क भूमिका के बारे में पुरहर चरचा भइल। गरभवती अउर किसोरी लोगिन के हीमोग्लोबिन क जांचि कइल गइल अउर प्रतिभागी किसोरियन के बिच्चे सैनेट्रीय पैड आ आयरन क फोलिक दवाई बांटल गइल। ओहर, मऊ में बाल विकास अउर पुस्टाहार विभाग की ओरि से सुपोसित भारत, साक्षर भारत, ससक्त भारत के परभावी क्रियान्वयन बदे कार्यसाला क आयोजन कइल गइल। सथहीं कई गो विभागन की ओरि से स्टॉल लगा के सरकार के ओरि से चलावल जा रहल जनकल्याणकारी योजना क जनकारियो दीहल गइल।

**********

आजु विश्व अनुवाद दिवस है। ई मौका पर नई दिल्ली के जवाहर लाल नेहरू विश्वविद्यालय में सांस्कृतिक विरासत के संरक्षण के रूप में अनुवाद क भूमिका पर एगो व्याख्यान क आयोजन कइल गइल। एकर उद्देस्य लोगिन के दुनिया क साहित्यिक बिरासति क संरक्षण के बारे में जागरूक करल ह। विश्वविद्यालय में भारतीय भाषा अनुवाद केन्द्र क प्रोफेसर गंगासहाय मीना कहलें कि अनुवाद, भाषा संस्कृति अउर समाज के बिच्चे क सेतु हौ।

**********